

# Gwoup konsèy pou divèsite nan lekòl (School Diversity Advisory Group) 11 desanm 2017, 3-5PM, Tweed Courthouse

## Pwosè-vèbal reyinyon

### 1. Entwodiksyon

- *Moun ka p fè diskou ouvèti:*
  - *Ursulina Ramirez, Direktè jeneral ak Chèf kabinè, NYC DOE*
  - *Maya Wiley, Ko-Prezidan & manm Komite egzekitif*
  - *Jose Calderon, Ko-Prezidan & manm Komite egzekitif*
  - *Hazel Dukes, Ko-Prezidan & manm Komite egzekitif*
  - *Richard Kahlenberg, manm Komite egzekitif*
  - *Amy Hsin, manm Komite egzekitif*
- *W ap jwenn lis non tout patisipan, afilyasyon ak enfòmasyon sou jan pou kontakte yo.*

### 2. Rezime misyon ak responsablite School Diversity Advisory Group ak diskisyon sou estrikti yo pwopoze a

- Prensip yo pataje
  - Gwoup konsèy(Advisory group) la pral bezwen kreye yon definisyon komen pou tè enpòtan yo idantifye nan prensip debaz yo – paegzanp, kòman gwoup sa a defini “egalite”, “divèsite”, “transparans?”
  - Pral bezwen defini pi presizeman objektif, tankou definisyon sa DOE ka aplike ak kisa yon kalandriye akoutèm konpare ak yon kalandriye alontèm sanble
- Estrikti Advisory group la
  - *Jose Calderon:* Djòb nou kòm ko-Prezidan se fasilite dyalòg. Li lib. Tout moun sou tab sa a gen yon bagay yo ka pote. Kòm yon Advisory Group, djòb nou se pran kòmantè nan men man kominote a. Nou ta dwe angaje lòt enterese yo(paegzano lidè biznis) ak enterese chak manm advisory group reprezante.
  - Si nou tann jiska fen ane 2018 pou nou fè rekòmandasyon yo, se pral jiska ane 2019 omwen avan pou nou ka aplike yo. Gen yon enterè nan fè rekòmandasyon preliminè nan mitan ane 2018 la avèk posiblite pou nou aplike yon pwojè pilòt?
  - Pandan gwoup la okonplè ap pwogrese, l ap enpòtan pou konprann kòman regleman yo pral gen efè sou chak enterese nou yo
  - Pou ogmante pataj lide ak pou evite silos, sou-komite yo ta dwe yo chak reprezante yon echasyon nan Advisory Group ki pi gwo a epi chak ta dwe konsidere tout sijè olye pou yo izole nan sou-komite ki baze sou pwoblèm
  - Kòm yon baz, chak sou-gwoup ta dwe gen omwen yon elèv, paran, yon defansè, yon chèchè ak yon reprezantan DOE.

### 3. Evalyasyon plan divèsite vil la

- Objektif yo jan yo te ekri yo avan jis pale pou reprezantasyon. Gen lòt sijè nan divèsite lekòl la nou ta renmen mezire
- DOE pral kreye yon angouman ki pataje pou tout kontni ak resous enpòtan pou gwoup la, tankou plis done detaye. Ou ka kolekte rechèch ak travay deyò manm Advisory Group a fè sou sit sa a
- *Maya Wiley*: Kòm yon pwochen etap, tout moun isit la ta dwe pataje resous enpòtan anplis epi yo ta dwe pataje non moun ki ta ka vin vizite ak gwoup sa a
- Gen resous ki egziste manm Advisory Group yo devlope, tankou senk “R” IntegrateNYC devlope a ki ta ka sipòte diskisyon sou-komite yo
- Politik ap vin antre nan diskisyon an nan yon moman. N ap bezwen yon plan pou angajman piblik kèlkeswa rezilta espesifik yo. Apre yo vin bay ide yo, y ap bezwen gen yon plan pou aplikasyon ak jesyon aplikasyon an
- Gen patipri nan sal sa a ak nan lekòl nou yo. Nou bezwen fè moun yo konnen patipri enkonsyan k ap rive apre rekòmandasyon yo. Moun gen difikilte ak kòman pou mobilize, kòman pou fè konvèsasyon sou ras.
- Li enpòtan pou gade popilasyon chak kominote, pa sèlman lekòl yo.
- Ta sijere gwoup sa a imite gwoup k ap travay sou klima lekòl la, ki reyini pou dezan epi konsidere kòman nou abòde travay lòt gwoup.

### 4. Diskisyon domèn posib pou yo konsantre pou Diversity Advisory Group lekòl la

- Enterese nan yon pwosesis estriktire pou reyinyon kominotè
- Majistra a ak Chanselye a pral bezwen pran angajman pou yo aplike rekòmandasyon nou yo; nou bezwen prezans politik.
- N ap bezwen sipò kolektif responsab yo ak lidè lekòl yo apre
- *Hazel Dukes*: Nou pa pral rezoud pwoblèm rasis. Lè Majistra a te mande sèvi kòm ko-Prezidan, mwen te wè Majistra a ak Chanselye a konprann kote nou ye. Nou bezwen gade travay elèv la; mwen vle konsidere tout travay ou a. Nou bezwen deside kòman nou pral rezoud tout pwoblèm yo
- Rekonesans ke nou tout fè sipozisyon yonn sou lòt, epi travay sa a pa pral fini an 2018
- *Maya Wiley*: Nou gen yon bèl opòtinite, men li pa pafè. Pa bezwen kite pèfeksyon tounen lenmi bon lide. Gwoup De-siloed vle di chak gwoup atake chak pwoblèm nou pral idantifye
- Lòt sijè pou sou-komite yo konsidere:
  - Repatisyon resous
  - Evalyasyon, kapasite pou evalye pamwayen evalyasyon.
  - Èske nou ta ka kreye yon komisyon pou gade eksperyans elèv la nan lekòl ki gen plis divèsite parapò ak lekòl ki gen mwens divèsite yo?
  - Evalyasyon regleman aktyèl sou disiplin
  - Machetravay ki reprezantatif
  - Eta lespri estaf

- Tout elèv bezwen aksè nan travay akademik ki pi wo nivo a
- *Maya Wiley*: Ann ajoute “pwodui egalite” kòm yon prensip ki pataje
- Akò pou amande domèn konsantrasyon inisyèl ke yo idantifye kòm “kourikoulòm pou repons onivo kiltirèl ak anviwònman agrayab” pou, “kourikoulòm pou repons onivo kiltirèl ak pedagoji ak vi nan lekòl”
- Lòt konsiderasyon:
  - Bezwen pou yo sensè sou sa li mande pou chanje kominote lekòl yo. Kisa ki pase sou yon campus, nan bilding yon lekòl?
  - Bezwen amelyore estrikti kòman nou dekri elèv aprann yon de lòt. Paran pa konprann nesèsman tout avantaj salklas ki gen divèsite.
  - Bezwen konsidere efè sou elèv imigran
  - Ta ka panse sou anboche nouvo pwofesè ak asosye ak òganizasyon tankou Teach for America, The New Teacher Project, Teaching Fellows, ak travay yo fè sou egalite. Ta ka chanje trening pwofesè k ap vini yo

## 5. Pwochen Etap

- N ap pwopoze yon kantite komite k ap travay ki ka jere ak pwopoze afilyasyon; epi n ap rezime pwoblèm ki enpòtan pou chak gwoup pou diskite
- Nou bezwen kòmanse panse sou reyinyon kominotè ak planifikasyon pou reyinyon kominotè yo vit